

KLE W NAN SWEN SANTE VIL LA

LIBERE dwa w nan swen sante
avèk diyite ak respè kèlkeswa
kondisyon imigrasyon w oswa
kapasite w pou w peye



Kounya nan
Brooklyn, Staten Island
ak Bronx. Disponib nan
tout vil la nan fen ane 2020!

**Vin yon manm
NYC CARE jodia!**
1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273
nyccare.nyc

Nou garanti pwoteksyon vi prive
ak konfidansyalite

NYC
HEALTH+
HOSPITALS



Nan Vil New York, nou kwè swen sante se yon dwa imen. Kelkeswa kote w fèt oswa kantite kòb ou genyen, ou gen yon dwa pou w jwenn bon kalite swen sante ki bon mache nan vil nou an. NYC Care se yon pwogram aksè nan swen sante ki garanti sèvis gratis osinon ki pa chè ke NYC Health + Hospitals ofri ak Abitan Vil New York yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante. Kounya nan Brooklyn, Staten Island ak Bronx. Disponib nan tout vil la nan fen ane 2020!

Avèk NYC Care, ou kapab:

- + Jwenn yon kat manm pou w gen aksè ak swen sante nan NYC Health + Hospitals yo nan kominote w la.
- + Jwenn premye randevou w la nan espas 2 semèn avèk pwòp founisè swen primè w la ki pral ede w evite malad epi konekte w avèk lòt sèvis ke w bezwen pou w rete an sante.
- + Jwenn èd nenpòt lè w bezwen l lè w rele Sant Apèl nou an, ki disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7.
- + Jwenn aksè ak medikaman ki preskri ki pa chè 24 sou 24 / 7 jou sou 7
- + Rete an sante avèk sipò tout yon ekip swen primè ki gen ladan l enfimyè, pwofesyonèl sante mantal, asistan medikal, travayè sosyal, famasyen ak nitrisyonis.
- + Peye pou kalite swen sante. Pa gen okenn frè pou w enskri oswa frè mansyèl. Pri pou w resevwa swen sante, depann sou gwosè revni w.

Pou w jwenn
plis enfòmasyon
ak enskripsyon, rele

1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

Nou garanti pwoteksyon
vi prive ak
konfidansyalite



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

Bronx/Brooklyn/Staten Island • Volim 2 - 30/01/20
HaitianCreole_01/20